

Kilès ki kapab aplike

Ou ka kalifye pou DHE si revni total anyèl konbine pwopriyetè byen yo ansanm ak madanm yo se \$58 399 oubyen mwens epi tout pwopriyetè yo se moun ki andikape. (Si pwopriyetè yo se konjwen oubyen frè ak sè, se sèlman youn ki dwe andikape.) Eksepte kèk eksepsyon kote byen an se rezidans prensipal tout pwopriyetè yo.

Dat limit: 15 mas. (Si 15 mas tonbe nan yon wikenn oubyen yon jou ferye, dat limit lan se pwochen jou ouvrab la.)

Kijan pou jwenn èd: Vizite www.nyc.gov/contactpropexemptions oubyen rele 311.

Kòman pou aplike

Soumèt tout sa ki vini an apre yo:

- ☐ Yon aplikasyon ki ranpli
- ☐ Prèv andikap ak prèv revni, jan yo dekri sa nan "Seksyon 5: Dokiman Obligatwa yo."
- ☐ Nenpòt lòt dokiman obligatwa ki endike nan "Seksyon 6: Dokiman Adisyonèl yo."

Voye aplikasyon w lan ak dokiman w yo pa lapòs nan adrès sa a:

New York City Department of Finance, Homeowner Tax Benefits, P.O. Box 311, Maplewood, NJ 07040-0311

Seksyon 1: Enfòmasyon sou Pwopriyete a

AWONDISMAN (BOROUGH):	BLÒK:	PASÈL (LOT):
ADRÈS LARI:		# APAT:
VIL:	ETA:	KÒD POSTAL:
ADRÈS POSTALS (SI LI DIFERAN DE ADRÈS PWOPRIYETE A):		
NON MOUN POU KONTAKTE:	# TELEFÒN:	ADRÈS IMEL:

Tip Pwopriyete:

☐ Kopwopriyete ☐ Kowoperativ ☐ 1- a 3-kay fanmi ☐ 4+ kay fanmi oubyen lòt
Si kay ou a gen kat pyès oswa plis, antre pousantaj espas ki itilize kòm rezidans prensipal ou a: _____%

Èske gen yon pòsyon nan pwopriyete w la ki itilize pou rezon komèsyal? ☐ Wi ☐ Non
Si wi, antre pousantaj ki itilize pou objektif komèsyal _____%

Èske yo kenbe byen an nan yon fidisi, ki gen ladan l yon fidisi pou moun ki andikape? ☐ Wi ☐ Non	Èske ou te resevwa pwopriyete sa a gras ak yon testaman? ☐ Wi ☐ Non
Èske gen yon byen imobilye w ap jwi san ou pa pwopriyete li sou pwopriyete a? ☐ Wi ☐ Non	Èske gen yon timoun (lokatè yo ladan l) ki rete sou pwopriyete a epi ki ale lekòl piblik nan klas pre-K rive 12yèm ane? ☐ Wi ☐ Non

Èske gen pwopriyete tèt a ki gen yon lokatè andikape ki gen yon kontra-lwaye ki ba yo yon enterè a vi nan pwopriyete a? ☐ Wi ☐ Non	Si wi, bay non ak nimewo sekirite sosyal (SSN) lokatè andikape a. Non: _____ SSN: _____
--	---

Seksyon 2: Enfòmasyon sou Pwopriyetè a ak Konjwen li

Lis tout pwopriyetè yo ak konjwen yo, menm si konjwen an pa mansyone nan akt pwopriyete a oubyen sètifika aksyon yo.

NON PWOPRIYETÈ OUBYEN KONJWEN	DAT NESANS	SSN OUBYEN ITIN *	ÈSKE BYEN SA A SE REZIDANS PRENSIPAL PWOPRIYETÈ SA?
1			☐ Wi ☐ Non
2			☐ Wi ☐ Non
3			☐ Wi ☐ Non
4			☐ Wi ☐ Non

Èske tout pwopriyetè yo gen yon andikap kalifye, oubyen èske lòt pwopriyetè yo se konjwen oubyen frè oubyen sè pwopriyetè(yo) ki gen yon andikap kalifye? ☐ Wi ☐ Non

Èske gen nan pwopriyetè yo oubyen konjwen pa yo ki posede divès pwopriyete anplis? ☐ Wi ☐ Non

Èske te gen pwopriyetè ki nan retrèt nan dènye ane yo? ☐ Wi ☐ Non Si wi, founi dat retrèt la: _____

☐ Tcheke kaz sa a si yon fanmi oubyen yon gadyen responsab zafè pwopriyetè yo. Tache enfòmasyon yo mande nan seksyon sa a pou fanmi an oswa gadyen an.

Èske gen moun lakay ou ki te konn sèvi, oubyen k ap sèvi kounye a, nan "U.S Army Forces, National Guard oubyen Reserves"? Tanpri seleksyone nenpòt sa ki aplike:

☐ Ou menm ☐ Konjwen/Patnè ☐ Pitit ou ☐ Lòt (presize) _____

Seksyon 3: Revni

Rapò sou revni anyèl total konbine tout pwopriyetè yo ak konjwen yo.

Ou dwe antre yon nimewo nan kaz sa a ►

\$

Vizite www.nyc.gov/dhe pou plis enfòmasyon. Ou dwe bay enfòmasyon sou revni ou, sinon sa ka retade tretman aplikasyon w lan.

Seksyon 4: Sètifikasyon (Tout pwopriyetè yo dwe siyen.)

Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ki bay nan aplikasyon sa a se vre epi kòrèk nan limit konesans mwen. Mwen sètifye ke mwen pa resevwa yon egzonerasyon taks sou pwopriyete a nan okenn lòt pwopriyete mwen posede, menm pwopriyete ki andeyò Vil Nouyòk.

Mwen konprann enfòmasyon sa a ka sibi yon odit epi si "Department of Finance" detèmine ke mwen te fè fo deklarasyon, mwen ka pèdi avantaj mwen yo nan lavni epi mwen ka responsab pou tout frè ak penalite ki aplikab yo. Mwen konprann mwen oblije avize "Department of Finance" sou nenpòt chanjman ki ta ka afekte kalifikasyon mwen pou avantaj sa a. Mwen konprann revni mwen an ap soumèt anba verifikasyon "Department of Finance".

Non	Siyati	Dat

Seksyon 5: Dokiman Obligatwa yo

Prè Andikap

Bay chak pwopriyete yon kopi nan youn nan dokiman sa yo.

Yon lèt ki di ou resevwa yon pansyon andikap ki soti nan "Social Security Administration, Railroad Retirement Board", oubyen "U.S. Postal Service"; yon sètifika ki soti nan "New York State Commission for The Blind"; yon lòd ki soti nan men prezidan Workers' Compensation Board ki detèmine yon pansyon pou andikap total pèmanan oubyen andikap pasyèl pèmanan; oubyen yon lèt Veterans Administration ki deklare ou gen dwa a yon pansyon andikap veteran.

Prè Revni

Bay yon kopi dokiman sa yo pou tout pwopriyete ak konjwen yo.

- Dènye deklarasyon taks sou revni pèsonèl federal oubyen leta ki te ranpli a avèk tout anèks ak 1099 yo. Si ou te resevwa distribisyon IRA oubyen distribisyon ki soti nan yon anuite retrèt endividyèl, ou ka dedwi montan taksab la nan revni brit ajiste ou an pou detèmine si ou kalifye pou avantaj yo. Tanpri mete tout dokiman ki enpòtan, tankou fòmilè 1099-R yo, men pa sèlman
- Oubyen, pou pwopriyete oubyen konjwen yo ki pa t ranpli yon deklarasyon revni federal oubyen eta, soumèt kopi tout sous revni yo, tankou sa yo ki nan lis anba a.
 - Salè yo.
 - Pèman SSDI yo.
 - Revni Antrepriz.
 - Avantaj pou chomaj yo.
 - Pèman pou Pansyon yo.
 - Endamnizasyon Travayè.
 - Avantaj pou Sekirite Sosyal yo.
 - Revni Kont IRA yo.
 - Revni Lweyaj.
 - Pèman SSI yo.
 - Revni Anuite yo.
 - Enterè.
 - Revni An Kapital yo.

Seksyon 6: Dokiman Adisyonèl (Soumèt tout sa ki aplike.)

Si yo kenbe pwopriyete a nan yon fidisi: ki gen ladan l yon fidisi bezwen espesyal:

Soumèt yon Fòmilè Sètifikasyon Egzanpsyon Pwopriyete Fidisi ak Dwa sou Pwopriyete Ki Pa Pou Ou, ranpli ki disponib nan www.nyc.gov/dhe.

Si pwopriyete a te resevwa byen an sou testaman:

Soumèt yon kopi dènye testaman an oubyen pwobasyon an oubyen òdonans tribinal la.

Si yon pwopriyete ki mansyone sou akt byen an mouri:

Soumèt yon kopi sètifika lanmò (akt desè) a.

Si yon pwopriyete ap viv aplentan nan yon etablisman swen sante rezidansyèl:

Soumèt yon lèt ofisyèl ki soti nan etablisman an ki gen ladan l pri swen an pou ane revni yo bay la.

Si yon pwopriyete posede lòt byen (nan NY oubyen yon lòt kote):

Bay enfòmasyon sa yo pou chak pwopriyete: adrès, nimewo blòk minisipalite a, ak nenpòt egzonerasyon taks byen an resevwa.

Si yon pwopriyete ki mansyone sou akt byen an ap viv yon lòt kote:

Soumèt tout dokiman legal sou divòs, separasyon, oubyen abandònman.

Si gen yon byen sou pwopriyete w ap jwi ki pa pou ou, oubyen si pwopriyete a gen yon lokatè ki andikape ki gen yon kontra lokasyon ki ba yo yon enterè sou pwopriyete a:

Soumèt yon Fòmilè Sètifikasyon Egzanpsyon Pwopriyete Fidisi ak Dwa sou Pwopriyete Ki Pa Pou Ou, ranpli ki disponib nan www.nyc.gov/dhe.

*Ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal ou oubyen ITIN ou, si ou genyen yon nimewo konsa, pou ou ka aplike pou egzanpsyon taks pwopriyete sa a. N ap mande enfòmasyon sa a pou nou asire ke dosye nou yo egzak, epi ke ou te soumèt enfòmasyon ki kòrèk. Dwa nou pou nou mande enfòmasyon sa a dekri nan Seksyon 11-102.1 Kòd Administratif la.

Si akòz yon andikap ou bezwen yon aranjman pou ou ka aplike epi resevwa yon sèvis oubyen patisipe nan yon pwogram "Department of Finance" ofri, tanpri kontakte Fasilite Sèvis pou Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oubyen rele 311.